# SAZ ÁSBABLAR TARIYXÍ HÁM RAWAJLANÍWÍ

**Askarova Ziywar Kóshkinbaevna** – *docent*
asqarovaziywar74@gmail.com
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

# ИСТОРИЯ И РАЗВИТИЕ МУЗЫКАЛЬНЫХ ИНСТРУМЕНТОВ

**Аскарова Зийвар Кошкинбаевна** – *доцент*
*Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# HISTORY AND DEVELOPMENT OF MUSICAL INSTRUMENTS

**Askarova Ziywar Kushkinbaevna** – *Associate Professor*
*Nukus branch of the Uzbek State Institute of Arts and Culture*

**Tayanch so‘zlar:** san’at, madaniy meros, madaniyat, folklor, musiqa, cholg‘u, diapazon, oktava, jirov, sozanda, doston.

**Rezyume.** Dunyoda qaysi xalq yashab, tarixda o‘z izini qoldirmasin, u o‘zining oltin merosi - san’ati bilan dunyoga mashhur bo‘lib qoladi. Xalqimiz tomonidan yaratilgan madaniy meros o‘ziga xos xalq madaniyatining o‘sishi va rivojlanishiga qo‘shilgan ulkan hissadir.

**Ключевые слова:** искусство, культурное наследие, культура, фольклор, музыка, музыкальный инструмент, диапазон, октава, сказитель, музыкант, эпос.

**Резюме.** Какой бы народ ни жил в мире, оставляя свой след в истории, он остается известным миру благодаря своему золотому наследию - искусству. Культурное наследие, созданное нашим народом, является огромным вкладом в рост и развитие самобытной народной культуры.

**Key words:** art, cultural heritage, culture, folklore, music, musical instrument, range, octave, jirov, musician, dastan.

**Summary.** No matter what nation lives in the world, leaving its mark in history, it remains known to the world thanks to its golden heritage - art. The cultural heritage created by our people is a huge contribution to the growth and development of our unique national culture.

**Kirisiw.** Saz ásbablar - adamzat mádeniyatınıń eń áyyemgi hám qádirli bólimleriniń biri. Olar arqalı adamlar óz sezimlerin, oy-pikirlerin hám turmıs tájiriybesin bildiredi. Saz áspablardıń payda bolıwı adamzat tariyxınıń erte dáwirlerine barıp taqaladı. Ásirese, házirgi zaman muzıkası da sol áyyemgi saz áspablardıń rawajlanıwı nátiyjesinde payda bolǵan. Tarıyxıy dereklerden málim bolǵanınday qaraqalpaq xalqı uzaq ótmishten berli Orta Aziyada jasawshı ásirese ózbek, túrkmen, qazaq xalıqları menen territoriyalıq hám ekonomikalıq jaqtan tıǵız baylanısta jasap kelgenligi belgili.

Dúnyada jasawshı qaysı bir xalıq bolmasın óziniń izinde qaldırıp ketken tarıyxında, óziniń altın miyrası bolǵan kórkem óneri menen dúnyaǵa tanılıp jasap qaladı. Biziń xalqımız dóretken mádeniy miyraslar ózine tán bolǵan xalıqlıq mádeniyattıń ósip rawajlanıwına qosqan úlken úlesi bolıp tabıladı.

Orta Aziya xalıqlarınıń ishinde ózbek, túrkmen, qaraqalpaq, qazaq xalıqlarınıń ádebiyatı menen kórkem óneri, muzıkasınıń jaqınlıǵı túrk tilles bolıp bir-biri menen tıǵız baylanısta rawajlanıp kelmekte. Biraq mádeniyatı, kórkem óneri, folklorı rawajlanbaǵan xalıqtıń óz dáwirinde qanshama mártlik islerdi islegenine qaramay atı umtılatuǵını belgili. Álbette xalıqtıń arxitekturalıq kórkem óneri de oǵan eskertkish sıpatında belgi bolıwı múmkin. Biraq ádebiyattıń, muzıkanıń qúdiretine teń keletuǵın shıǵarma joq sebebi, bularda sol xalıqtıń arzıw-ármanları, ideyaları, muń-zarları, tariyxı, áwládtan-áwládqa jetip bara beredi.

“Ruwxıy baylıq materiyallıq baylıqtan mıń ese ústin turadı”- dep aytqanınday, ruwxıy baylıqtıń tiykarı bolǵan,-muzıka bul aqıl-oy, pikirdiń karamatlı bulaǵı bolıp tabıladı.

Ótmishke bir dıqqat awdarsaq, muzıka óneri eń eskiden kiyatırǵan óner ekenligin, onı ata-babalarımız ómirinde dúnyaǵa atın shıǵarǵan ne bir ullı insanlar, óz dáwiriniń aldaǵı adamlarınıń ómirinde, olardıń dóretiwshilik miynetleri, izleniwleri, ayrıqsha orın tutqanlıǵın kóremiz. Orta ásirlerde ózleriniń ilimdegi jańalıqları menen shıǵıstı jáhánge tanıtqan Al Farabiy, Ibn Sino, Abduraxman Jomiy, Omar Xayyam-qusaǵan hám.t.b. dóretiwshilik miynetleri pikirimizdiń ayqın dálili bola aladı. Solardan Al Farabiy óziniń kóplegen shıǵarmaları menen hám “kitab al musiqiy al kibr” - (katta musiqa kitabı) menen úlken ataqqa iye.

Onda muzıka óneriniń tariyxı, rawajlanıw nızamlıqları, muzıka izertlewde ilimiy hám teoriyalıq máseleleri aytılǵan bolsa "Ixso ul-ulum" (ilimlerdiń kelip shıǵıwı) atlı shıǵarmasında muzıkanıń insan organizmine tásir etetuǵın kúshi haqqında jaqsı pikirler júrgizedi.

Abduraxman Jomiy muzıka sesleriniń adam ruwxına tásiri hám tárbiyalıq áhmiyeti haqqında pikir júrgizgen bolsa, Alisher Nawayınıń "Maxbub ul-kulub"- shıǵarmalarında muzıka ilimi, onıń insan ómirinde tutqan ornı, muzıka hám gózzallıq tárbiyası, ótmishtegi hám óz zamanınıń jetik sazendeleri, muzıka dóretiwshileri, hafızları haqqında hár tárepleme keńnen maǵlıwmat beredi.

Qaraqalpaq xalqınıń erte zamanlardan berli payda bolıp, waqıttıń ótiwi menen áste-áste rawajlanıp, xalıqtıń estetikalıq talaplarına juwap berip kelgen bir qatar muzıkalıq saz-áspabları bar. Ulıwma alǵanda olar orta Aziya xalıqlarınıń saz-áspablarınıń forması (pishimi), qurılısı hám shertiw usılları boyınsha júdá uqsas boladı. Biraq, qaraqalpaq xalıq saz-áspablarında atqarıw texnikası (ásirese duwtarda) júdá bay bolıp keledi.

Áyyemgi dáwirlerde adamlar tabıyattı baqlap, onıń dawısların qaytalawǵa háreket etken. Dáslepki saz áspabları tábiyǵıy materiyallardan - tas, aǵash, súyek hám teriden jasalǵan. Mısalı, urıp shertiletuǵın saz áspablar, (dawılpaz, baraban tásirindegi áspablar) eı áyyemgi túrlerinen biri bolıp esaplanadı. Olar arqalı adamlar ritm jaratqan hám bir-biri menen baylanıs ornata alǵan. Keyinirek demli saz áspablar payda boldı. Olar kóbinese súyekten, yamasa qamsıtan jasalǵan. Bul saz áspablar arqalı dawıstı basqarıw hám muzıkalıq saz áspabta saz shertiw múmkin bolǵan. Mısalı, surnay, sıbızǵı sıyaqlı saz áspablardı atawǵa boladı.

Tarlı saz áspablar bolsa keyinirek rawajlandı. Olar aǵash korpustan hám tartılǵan sımlardan turadı. Dúnyaǵa tanılǵan dombıra, duwtar, qobız, sıyaqlı saz áspablar sol túrge kiredi. Bul saz áspablar arqalı namalar hám qosıqlar keń tarqalǵan. Orta ásirlerde saz áspablar jáne de jetilisiw jolına tústi. Evropada skripka, fortepiano sıyaqlı saz áspablar payda boldı. Shıǵıs hám Orta Aziyada bolsa milliy saz áspablar jetilisiw menen birge, muzıakalıq dástúrler bayıdı. Házirgi dáwirde saz áspablar ádebiy, klassikalıq hám zamanagóy muzıkada keń qollanıladı. Elektron saz áspablar payda bolıp, muzıkanıń múmkinshiliklerin keńeytti.

Qaraqalpaq xalqınıń arasında keńnen tarqalǵan saz-ásbablarınan eń áyyemgisi **"Qobız"** esaplanadı. **Qobız** - saz ásbabı qaraqalpaq, qazaq, qırǵız xalıqlarınıń eń áyyemgi muzıkalıq áspabı. Qazaqlarda ol qılqobız dep te ataladı. Ol házirge deyin jırawlardıń negizgi saz áspabı bolıp kelmekte. Entsiklopediyalıq dereklerge qaraǵanda qobız shama menen VÍ-ásirde payda bolǵan. Onıń payda bolıwı sol dáwirdıń jazba ádebiyatınıń dástan hám danalıq sózleriniń, namalar hám sazlarınıń, sonday-aq, saz-áspablarınıń dóretiliwine úlken úles qosqan shayır, sazende hám nama dóretiwshi Qorqıt atanıń atı menen tikkeley baylanıslı bolǵan. Buǵan Qorqıt atanıń jazba poemaları, ol haqqında xalıq awzında saqlanıp kelgen ańızları guwa bola aladı.

Qobız óziniń qurılısı boyınsha júdá ápiwayı hám texnikalıq múmkinshilikleri sheklengen bolıp keledi. Sol dáwirdiń talabına baylanıslı qobızdıń gewdesi jiyde aǵashtan, tómengi súyir tárepi túyeniń yamasa jas baspaqtıń terisi menen qaplanıp tarları tartqıshı attıń quyrıq jalınan soǵılǵan boladı.

Qobız tiykarǵı eki bólekten quraladı: gewdesi hám dástesi. Gewdesi terektiń japıraǵına uqsap tómengi bólegi teri menen qaplanadı. Teri ızǵarlay tartılıp, kepkennen keyin qattı tartılıp turadı. Teriniń ústinde suw qabaqtan islengen tiyek ornalastırıladı. Tiyektiń ústine eki tar tartıladı, olar dásteniń bas betine ornatılǵan eki qulaq arqalı tartılıp sazlanadı.

Tarlardıń kerekli jerlerine barmaqlardı basıw menen hám tarlardı tartqısh arqalı terbeliske keltiriw menen hár qıylı bálentliklerdegi sesler shıǵarılıp namalar shertiledi. Tartqıshı tarlardı terbeltetuǵın qural bolıp, ol qattı shıbıqtan (jıńǵıl, jiyde, erikten) islenedi. Shıbıqqa attıń quyrıq jalınan juwanlıǵı 1-sm ge shamalas bir tutam qıl tartıladı. Tartqıshtıń qılın azıraq ıǵallap onıń menen tarlardı kesesine súykep terbeliske keltiredi. Bul terbelisten muzıkalıq ses payda boladı hám ol tiyek arqalı terini terbeltedi.

Teriniń terbelisi gewdeniń oyılması arqalı gúńirenip ses shıǵaradı. Qobızdıń sesti pás (iri) bolıwı sebepli saltanatlı, qáwipli, oylanıw sezimlerdi tıńlawshınıń oyında elesletedi. Jırawlar qobızdı shertkende oń qolı menen tartqıshtı uslap, shep qolınıń barmaqları menen tarlardı basıp muzıkalıq shıǵarmalardı atqaradı.

Qobızdıń tutas hám qurama túrleri ushırasadı. Qurama qobızdıń gewdesi hám dástesi bólek bolıp dásteni gewdedegi oyıqqa jaylastırıw arqalı qobız jıynaladı. Qobızdıń bunday túri jırawlardıń el gezip atlı-eshekli júrgende onı qorjınına salıw ushın islengen. Qobız kvartaǵa sazlanadı, biraq tarlardıń bálent pásligi jırawlardıń dawısınıń bálent pásligine baylanıslı boladı.

Qobızdıń diapazonı (ses kólemi) bir yarım oktavaǵa deyin boladı. Ol tiykarınan jırawlar

aytqan qosıq hám jır-tolǵawlarǵa qosılıp shertiledi. Biraq qobızǵa arnalǵan jeke sazlarda ushırasadı. Qobız sazı ásirler boyı óziniń júdá ápiwayı qurılısına qaramastan estetikalıq talaplarına juwap berip kelmekte. Sońǵı jılları qobız áspabı qaytadan islenip shıǵıladı. Sonıń nátiyjesinde onıń tarları tórtew boldı, ses shıǵarıw qásiyetleri kúsheydi hám texnikalıq múmkinshilikleri arttı. Ol xalıq sazları orkestrine kirgizilip jeke atqarıwshı sazlar qatarına kóterildi. Demek saz áspablar tariyxı-adamzat tariyxınıń ajıralmas bólegi. Olar dáwirler ótken sayın ózgerip, jetilsip otırdı. Házirgi kúnde de saz ásbablar adamlar arasında ruwxıy baylanıstı kúsheytip, mádeniyattı rawajlandırıwda úlken rol atqarıp kelmekte.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Q.Maqsetov «Qaraqalpaq jıraw-baqsıları» 1983.
2. V.Shafrannikov «Karakalpakskie narodnıe pesni» Moskva 1958.
3. T.Adambaeva «Qaraqalpaq muzıkasınıń tariyxınan» 1985.
4. Muzıka tariyxı boyınsha oqıw qollanbalar.